

ABAROMA 01

GUTE WOBA/TWOBA IGIKORESHO C'IHINDUKA

YESU NTIYAGIYE KU MUSARABA KU _____ YARADUKUNZE

Yari gushobora kuguma mw'ijuru kugira abikore.

YESU YAGIYE KU MUSARABA _____ YADUKUNZE

YESU YAGIYE KU MUSARABA GU _____ TWEBWE INKURIKIZI ZITEYE
UBWOBA Z'UBWACU NYENE

UBUTUMWA BWIZA NI UBUZANA IHINDUKA.

I. HEBA/REKURA _____

1 :1 Paulo, umugurano wa Yesu Kristo, nahamagariwe kuba intumwa, narobanuriwe ubutumwa bgiza bw'Imana,

Ijambo umugurano hano rivurwa ngo "doulos". Uwiyemeje kuba umugurano canke yagurishijwe kgira abe umugurano.

MURI KRISTO NTITUBA TUKIRI _____.

1 Ab'i korinto 6 : 20 , KUKO MWAGUZWE IGICIRO.

Ab'I Galatiya 2:20 NABAMBANYWE NA KRISTO , [...] YAMARA SI JEWE NKIRIHO.

VYOSE BITANGURA MU GUHEBA UBURENGANZIRA BWawe.

UMU _____ NTA BURENGANZIRA AFISE!

II. GUMA KU _____

1:1 narobanuriwe ubutumwa bgiza bw'Imana

Ijambo Ubutumwa Bwiza risigura , "Inkuru Nziza"

1:2 Ubgo yasezeraniye kera mu kanwa k'abo yavugisha mu vyanditse vyera ,

1:3 buvuga ivy'Umwana wayo, yavutse mu ruvyaro rwa Dawidi mu buryo bg'umubiri,

1:4 yerekanywe kw'ar'Umwana w'Imana mu buryo bga Mpwemu Year, ukuzuka kwiwe kwavyerekanishije ubushobozi, ni we Yesu Kristo, Umwami wacu.

Kugenwa risobanuwe ngo "kwemezwa" ukoresheje Bibiliya y'icongerezwa yitwa NASV. Ariko insiguro ni "gushiraho uturimbi."

ICO YESU YAHARANIRA KU _____ CARI GICINYIJWE NA

1:5 Ni we yaduhesheje ubuntu no kuba intumwa kubg'izina ryiwe, kugira ngo mu mahanga yose habemw'abumvira Imana, babiheshwa no kwizera.

_____ BIRAHINDUKA. I _____ IGUMA/KIGUMA/BUGUMA KWA
KUNDI NYENE/NTIBIHINDUKA/NTIBUHINDUKA

III. **KWITWARARIKA** _____

1:6 kandi namwe muri muri bo, mwahamagariwe kuba aba Yesu Kristo.

1:7 ndabandikiye mwese mur'I Roma mukundwa n'Imana, mwahamagariwe kuba abera. Ubuntu bube muri mwebge n'amahoro, biva ku Mana, Data wa twese , no ku Mwami Yesu Kristo!

Paul ariko yandikira umurwi w'abakirisu baba I Rome atigeze abona.

1:8 Irya mbere, mwese mbashimiye Imana yanje muri Yesu Kristo , kukw'inkuru y'ukwizera kwanyu ikwiye mw'isi yose.

1:9 Imana nkorera mu mutima wanje mvuga ubutumwa bgiza bg'Umwana wayo , ni yo ntazekw'icabona yuko MBAHOZA MU KANWA UBUDASIBA.

1:10 iminsi yose uko nsenze nsaba ngo noneho bishobotse Imana yemere yemere kungendesha amahoro no kunzana iwanyu.

1:11 KUKO NIFUZA KUBABONA , kugira ngo mbahe Ingabire y'impwemu , ibaremeshe,

1:12 ni ko guhumurizanya namwe, mpumuriwe n'ukwizera kwanyu , namwe muhumurizwe n'ukwanje.

1:13 Kandi bene Data, singomba ko mutamenya yuko kenshi nari mfise imigabo yo kuza iwanyu , ngo mbone imbuto muri mwebge namwe, nk'uko nazibonye mu yandi mahanga, ariko ngira ikimbuza kugeza n'ubu.

1:14 Abagiriki bo n'abanyamahanga badebagura, abanyabgenge bo n'ibipfu, ndi n'umwenda wabo.

1:15 Ni co gituma JEHO KUBGANJE NITEGUYE KUBABGIRA UBUTUMWA BGIZA NAMWE MUR'I ROMA.

NTACO BITWAYE ABO MWOPA MURIKO MURAKORANA BOSE, UBWIRIZWA KUBITWARARIKA.

IV. **KORA IVYO U _____ GUKORA**
NIMBA PAUL YARI YIPFUZA KUJA KUBARABA, NONE NI KUKI ATAGIYE?

YAGUMYE MU KURI KUVY' _____

Abaroma 15:20 namanye imigabo yo kuvuga ubutumwa bgiza , ah'izina rya Kristo ritaribgameneyekane , ngo sinubake kw'itanguriro ryubatswe n'uwundi.

YAGUMYE MU KURI KUVY' _____

Paulo yari yarakiriye ishikanwa rivuye mu mashengero yo mu Bugiriki na Asiya ryo gushigikire ishengero ry' i Yerusalemu ryariko rica mu kibazo c'amapfa yari yateye

muri ako karere. Yagomba gushikiriza ayo mafaranga I Yerusalemu kugira bafungure.

Ivyakozwe n'Intumwa 20: 22 “ None raba, ngiye i Yerusalemu mboshwe mu mutima , ntazi ibizombako nshitseyo;

23 atar'uko Mpwemu Yera anshingira intahe mu gisagara ko cose y'ukw'ingoyi n'ivyago bintegeyeyo.

24 Ariko simbabaye ubugingo bganje nk'ah'ar'ubg'igicro , kugira ngo ndangize urugendo rwanje, n'igikorwa nahawe n'Umwami Yesu, co gushingira intahe ubutumwa bgiza bg'ubuntu bg'Imana.

25 Kandi none raba, ndazi yuko mutazosubira kubona mu maso hanje, abo nacyemwo mwese mbabgira iyv'ubgami bg'Imana.

IGITABO C'ABAROMA NI UMUSOZI EVEREST WO MURI BIBILIYA. KANDI IMPAMVU TUGIFISE NI KUBERA KO PAULO YIYUMVIRA KO AGIYE GUPFA.

V. **NTUKABE**_____

16 kuko ubutumwa bgiza butantera isoni , ar'ubushoboza bg'Imana, buzanira uwizera wese agakiza, uhereye ku Muyuda ukageza ku Mugiriki.

UBUMUNTU BW'UMUNTU BUZORONGORA INDORAMANA YIWE
Mbega vy'ukuri urakunda umuntu mu guhindura indoramana yawe
kubwo _____ icaha ciwe?

Canke ikintu nyamukuru c'igikundiro ushobora gukora ni ukubwira umuntu
ku _____ bijanye n'ubuzima hamwe no kumuha ububasha bwo
guhinduka!

Nimba inzu y'umuntu iriko irasha , mbega ni vyiza kutagira ico ukora canke ni vyiza gukora igishoboka vyose?

ABAROMA 02

UKUMANUKA MU MWIZA

ABAROMA 1:18 – 32

Abaroma 1:16 – 17 kuko ubutumwa bgiza butantera isoni , ar'ubushobozi bg'Imana buzanira uwizera wese agakiza , uhereye ku Muyuda ukageza ku Mugiriki.

17 kuko muri bgo ari ho ukugororoka kuva ku Mana guhishurwa , guheshwa n'ukwizera kukagwiza ukwizera , nk'uko vyanditswe ng'Umugororotsi azobeshwaho n'ukwizera.

IMBERE Y'UKO UTAHURA _____ UTEGEREZWA UBWA MBERE
GUTAHURA UBUSHOBOZI _____.

Abaroma 1:18 UBURAKE BG'IMANA Bgarahishuwe , buvuye mw'ijuru , ubgo irakira ukutayubaha kw'abantu kwose n'ukugabitanya , banyikirisha ukuri ukugabitanya kwabo.

_____ BISIGURA IKINTU COSE _____ HAMWE N'IKINTU
COSE _____!

Nta caha na kimwe kivuyemwo. Nta muntu n'umwe bitaraba.

I. _____ UMWIZA

IMANA YARI _____

IMANA YIHISHUYE UBWAYO MU NZIRA ZIBIRI.

1. IMANA YISHIZE UBWAYO MU _____

Romans 1:19 kukw'ivyo umuntu yomenya vy'Imana vyerekanwa muri bo, Imana ari yo yabiberetse.

IMANA IRABONEKA MU VYO I _____

Abaroma 1:20 kukw'ibitaboneka vyayo , ni vyo bushobozi bgayo budashira n'ubumana bgayo, bibonwa neza, uhereye ku kuremwa kw'isi, bimenyekanishwa n'ivyo yaremye, kugira ngo ntibagire ico bireguza.

ABANTU BANANIWE KU _____ IMANA

21 *Kuko bamenye Imana NTIBAYUBAHE NK'IMANA...*

BARABIMENYE KO HARIHO IMANA ARIKO BABAYEHO NK'AHU WOMENGO
TAYIRIHO.

_____ ISUBIRIRA/GISUBIRIRA UKWIZERA

21 ...ariko bacitse abiyumvira ivy'ubusa,

Ukwiyumvira kwasubiriye imigenderanire. MAZE BIVYARA KUGIRA UBWENGE BWINSHI ARIKO UMUTIMA WUZUYE UMWIZA.

IMITIMA IRAKURA _____

21...imitima yabo y'imburabgenge iCura umwiza.

Umutima w'imburabgenge vy'ukuri ni umutima _____

Abaroma 1 :21 Imitima yabo Y'IMBURABGENGE (IJANJAGUYE) yari YUZUYE UMWIZA

II. IBIMENYETSO VY'UGUKURA

UKUDASHOBORA KU _____ MU BUZIMA

22 Biyise abanyabgenge bacika ibipfu,

GUHIMBAZA I _____ AHO GUHIMBAZA _____

23 icubahiro c'Imana idapfa, baragikaba ngo basenge ibishushanyo bisa n'umuntu apfa , n'ivy'ibiguruka n'ivy'ibigenza amaguru ane n'ivy'ibikwega inda hasi.

25 kuk'ukuri kw'Imana bagukavye ibinyoma, BAGASENGA BAGAKORERA ICAREMWE, BAKAKIRUTISHA IYAKIREMYE, ni yo ikwiye gushimwa ibihe bidashira : Amen.

UBURYO BUMWE BWO GUHIMBAZA ICAREMWE AHO GUHIMBAZA UMUREMYI BUSHOBORA GUCA MU BUTAGONDWA _____ MU _____

UBUNDI BURYO BWO GUHIMBAZA ICAREMWE AHO GUHIMBAZA UMUREMYI NI UGUHEBA _____

24 NI CO CATUMYE IMANA IBAHEBA ngo bakore ibiteye isoni, bumvire ivy'imitima yabo yifuza, bonone imibiri yabo,

_____ KUZAZANIRWA

IMANA NTIYIGERA ITANGA _____ ARIKO IRATANGA _____

26 Ni co catumye Imana ibaheba ngo bifuze ivyonona : kukw'abagore babo ic'imibiri yabo yaremewe bagihinduye ukundi , itaremewe,

ABANTU BENSHI NTIBIGERA BATAHURA KO KURONKA IVYO USHAKA BISHOBORA KUBA UBURYO BWO _____.

KUZAZANIRWA MU NYIFATO RUNTU bisa nk'inkono mu nganzo y'ubutare

Uwitwa Stedman ati, «Ikimenyetso ca mbere c'ububi mw'iterambere ry'ikibano, n'uko ubuhumbu, busanzwe iminsi yose buri mu buzima bw'umuntu, bumuze kwemerwa ku rugero rwo hejuru »

27 kandi n'abagabo n'uko, baretse kugirira abagore ivy'imibiri yabo yaremewe , bashuha babengukana , abagabo bagirira abandi bagabo ibiteye isoni , kandi mu mibiri yabo bahabga ingero zikwiranye n'ubuzimire bgabo.

_____ UKWONONEKARA

28 kandi nk'uko banse kumenya Imana mu mitima yabo , ni kw'Imana yabahevye NGO BAGIRE IMITIMA Y'AKAHEBGE , bakore ibitabereye,

29 buzuye ukugabitanya kwose , no kugira nabi, no kwifuza, n'urwanko rw'ubusa : buzuye n'igono, n'ubgicanyi , no gutongana , n'ubugunge, no kwitamba ku muvyimba ; n'abaneguriranira mu vyongorerano,

30 n'abavuga abandi nabi, n'abanka Imana n'abatukana, n'abibona, n'abirarira, n'abigenera ibibi, n'abatumvira bavyeyi,

31 n'ibipfu, n'abava mw'isezerano , n'abadakunda n'ababo, n'imburakigongwe.

32 Abo, n'aho bamenye urubanza Imana ica, yukw' abakora ibisa birtyo bakwiye gupfa, ntibabikora gusa, ariko batako bagashima n'ababikora.

NIWABA UTARI MU _____ NA KRISTO KUBW'UKWIZERA, UBWO RERO UBURAKE BW'IMANA BWARAHISHUWE BUVUYE MW'IJURU UBWO IRAKIRA ABATAYUBAHA BOSE.

ABAROMA 03

Ubutungane bw'Imana ataho bwegamiye

Abaroma 2 :1-16

Muri ino si yacu, ubutungane ni gake butirengagiza ivyo bubona. Ubutungane ni gake bucisha aho ukuri kuri. Ubutungane ni gake cane butigera bugira aho buhengamiye

Uko si ko biri ku Mana. Imana ntaho ihengamira mu guca urubanza.

Abaroma 2:1 ni co gituma utagira ico wireguza .

_____iganisha/aganisha ku gice c'Abaroma 1:18-20

Abaroma 1:18-20 Uburake bg'Imana bgarahishuwe , buvuye mw'ijuru , ubgo irakira ukutayubaha kw'abantu kwose n'ukugabitanya , banyikirisha ukuri ukugabitanya kwabo, 19 kuk'ivyo umuntu yomenya vy'Imana vyerekanwa muri bo , Imana ari yo yabiberetse ... 20...kugira ngo ntibagire ico bireguza.

Dushimike kw'igarukagaruka

Abaroma 1:20 NTA cireguza bafise.

Abaroma 2:1 Ni co gituma Utagira ico wireguza

KUBA UMU_____NTIBIZOKURINDA URUBANZA RW'IMANA

I. _____ICAHA CAWE

Abaroma 2 :1 ...wewe muntu wese uhinyura uwundi. K'uhinyura uwundi uba , uba witsindishije; kuko wewe umuhinyura UKORA BIMWE n'IVY'AKORA.

DUHAKWA GU_____ICAHA TWISUNZE _____

ICAHA NTIGICIRIRWA URUBANZA HISUNZWE _____. ICAHA COSE NI _____

Abaroma 2:2 Ariko turazi y'uk'urubanza RW'IMANA AR'URW'UKURI, urw'icira abakora ibisa birtyo.

Urubanza rw'Imana ni urw'ukuri igihe ruraba BO, ariko si urw'ukuri igihe ruja kuri JEWE

IKIBAZO CA MBERE

Abaroma 2 :3 Wewe ga muntu , uhinyura bakora ibisa birtyo, nawe ubikora , mbega wiyumvira yuk'uzokira urubanza Imana ica?

Aha ni ho hari ingorane.

1. NDI UMUHINGA GOSE MU _____ KUBONA _____ INTEGE NKE/UTUNENGE

Na Paulo yaravuze ko adashobora vy'ukuri kwicira urubanza uko bibereye.

1 Ab'I Korinto 4:3-4 Ariko kubganje ni nk'ubusa gose gucirirwa urubanza namwe , canke n'urukinja rw'abantu; kandi NANJE NYENE SINICIRA URUBANZA. 4 Kukw'ata co niyiziko , ariko si co kintsindanishiriza , arik'uncira urubanza ni Umwami wacu.

2. NDI AGAHAMBAYE _____ KUBONA _____ INTEGE NKE/UTUNENGE

Ndashobora kuba ndi umuntu mubi, ariko sindi mubi nka we.

IKIBAZO CA KABIRI

Abaroma 2:4 canke ukengera itunga ryo kugira neza kwayo n'iry'imbabazi zayo n'iry'ukwihangana kwayo? Ntuzi yuko kugira neza kw'Imana kugushikana ku kwihana

I/U _____ CANJE/KWANJE NI IGITUTSI KU _____ KW'IMANA

II. UGUTAHURA I _____

Abaroma 2 :5 Ariko kuk'ufise umutima ukomantaye utihana ,WIRUNDANIRIZA UBURAKE buzoba ku musu wo kuraka, ah'amateka abereye y'Imana azohishurirwa.

Ijambo rikoreshejwe ngo «wirundaniriza uburake » ni ijambo rivuga ngo, « Wiziganiriza.»

URIKO WIZIGANIRIZA _____ CANKE URIKO WIZIGANIRIZA _____

USOMYE IBI URABONA KO ARI IKINTU KIGIZWE N'IBINTU NYAMUKURU BIBIRI.

1. GUCIRIBWA URUBANZA NI IKINTU _____ KURI TWEBWE KURI URYA/UWO _____ MUNSI.

Abaheburayo 9:27 kandi nk'ukw'abantu babikiwe gupfa rimwe , hanyuma yahoo hakaza amateka

2. URUBANZA NI IKINTU _____ KURI TWEBWE BUNO NYENE _____ MURI UBU BUZIMA

Ray Stedman ati :

Tuguma twiziganiriza ubudasiba muri banki ivyo tuzobikura muri iyo minsi iza. MU BURAKE BWAYO, IMANA IRATWEMERERA KWITITURA NK'ABANTU. Ducika ikintu c'imburakimazi kurusha ico twari twipfuzaga kuba.

GUCIRIRWA URUBANZA SI GUSA _____ KU MUNSI W'UMUHERO W'ISI. BIRI _____ MU NGIRO

YOHANA 3:18 Umwizeye ntazotsindwa n'urubanza, arik'utamwizeye aramaze gutsindwa, kukw'atizeye izina ry'Umwana w'Imana w'ikinege.

Abaroma 2:6 IZOKWISHURA UMUNTU WESE IBIKWIRANYE N'IVYO YAKOZE:

Zaburi 62 : 12 Kandi ni wewe mwami ufise imbabazi: kuko wishura umuntu wese ibikwiranye n'ico yakoze.

NTARIKO AVUGA IVYO _____; ARIKO AVUGA KUVYEREKEYE _____.

U _____ IVY'UZIGANYA .USHOBORA KUZIGANYA UBURAKE CANKE USHOBORA KUZIGANYA UMUGISHA.

Abaroma 2:7 ABARONDERA UGBIZA N'ICUBAHIRO NO KUDAPFA, bahora bakora ivyiza bihanganye, izobishura UBUGINGO BUDASHIRA ;

Abaroma 2:8 Ariko ku bakebana ntibumvire ivy'ukuri, ariko bakumvira ukugabitanya , hazoba uburake no guhambarirwa.

Abaroma 2:9 n'amarushwa n'ivyago ku bugingi bg'umuntu wese akora ibibi, UHEREYE KU MUYUDA, UKAGEZA KU MUGIRIKI.

NTIHABAHO KA NKUNZI KUBO TWOKWITA ABA KERA BEZA

Abaroma 2:10 Arik'ubgiza n'icubahiro n'amahoro bizoba ku muntu wese akora ivyiza , UHEREYE KU MUYUDA , UKAGEZA KU MUGIRIKI.

III. NTUZIGERA URONKA_____

Abaroma 2:11 Kukw'Imana itarobanura abantu ku cubahiro.

Abaroma 2:12 Abakoze ivyaha bese , batazi ivyagezwe , bazohona ivyagezwe bitarinze kwiyumvirwa ; kandi abakoze ivyaha bese bazi ivyagezwe bazotsindishwa n'ivyagezwe :

Abaroma 2:13 kukw'abumvise ivyagezwe atari bo bagororoka imbere y'Imana, abavyumviye nibo bazotsindanishirizwa .

Abaroma 2:14 Abanyamahanga badafise ivyagezwe n'Imana iyo bakoze ibibgirizwa na vyo kubgabo, bababihinduye ivyagezwe naho batafise :

Abaroma 2 :15 kuko berekana igikorwa kibgirijwe n'ivyagezwe canditswe mu mitima yabo , ijwi ryo mu mitima yabo ribwiririkanya na co , ar'icabona cavyo, kand'ivyo biyumvira bifatanya kubarega canke kubaregura.

Abaroma 2:16 Ni ko bizoba ku musu Imana izocira amabanga y'abantu amateka muri Yesu Kristo , nk'uk' ubutumwa bgiza nahawe buvuga.

UBWA MBERE, VYABWIRIZWA GUHINDURA UBURYO TWI_____ABANTU

UBWA KABIRI, VYABWIRIZWA GUHINDURA UBURYO JEWE_____

ABAROMA 04

UGUTAHURA UKUTARIKO
GUKUNDWAKAZWA

Abaroma 2:17-29

ABANTU BAHAKWA GUSHAKA KWIYUMVA KO _____.

NTA _____ IGIHAGARARO IGIHE HAGEZE IKIJANYE/IBIJANYE
_____.

I. NTUREKE UGUKUNDWAKAZWA NGO KUGUHENDE

17 Ko witwa Umuyuda , ukishimira ivyagezwe , ukirata Imana,

18 ukamenya ivy'igomba, ukarobanura ibidahwanye , kuko wigishijwe
ivy'ivyagezwe,

BIBONA UBWABO NK'UBUBIKO BW' _____.

CO KIMWE N'ABANDI BANTU BENSHI BO MW'ISHENGERO...

BIBONA UBWABO NKA _____ B'IMPUMYI

19 ukishima yuk'ushobora kujana impumyi , kandi k'ur'umuco w'abari mu mwiza,

CO KIMWE N'ABANDI BANTU BENSHI BO MW'ISHENGERO...

BIBONA UBWABO NKA _____ IGIPOLISI

20 n'umuhanuzi w'abanyabgenge buke , n'umwigisha w'utwana, kuko mu vyagezwe
ufise ufise icerekana ubgenge n'ukuri.

COKIMWE N'ABANDI BANTU BENSHI BO MW'ISHENGERO

ARIKO NTIBIBONA UBWABO NKA _____.

COKIMWE N'ABANDI BANTU BENSHI BO MW'ISHENGERO

II. NTUREKE UGUKUNDWAKAZWA NGO KUGUHINDURE/MWO _____

21 N'uko wewe wigisha abanda , mbega ntiwiyigisha? Wewe wihaniza abiba, weho
ntiwiba?

22 wewe ubabuza gusambana , weho ntusambana? Wewe wanka ibishushanyo
vy'ibigirwamana , weho ntiwiba ivyo mu nsengeru zavyo?

MBEGA UKORA NEZA NKA _____ . UVUGA _____ .
UKORA?

23 Wewe wirata ivyagezwe , mbega ntugayisha Imana kuk'ubicumurako?
IBINTU/IBIKORWA VYAWA _____ . IRASIGURA _____ .

“

24 Izina ry'Imana muritukisha mu mahanga, nk'uko vyanditswe”

III. NTUREKE UGUKUNDWAKAZWA NGO KUKUBUZE

25 Kuko gukebga kugira ico kukumarira , iyo witondeye ivyagezwe:
arik'iy'ucumuye ku vyagezwe , ugukebga kwawe kuba gucitse ukudakebga.

Gushira mu ngiro bisigura gushishikara kubikora canke bibigira umugenzo.

IKI NI CO GIHAMBAYE

NTACO BITWAYE UKO WARI UMEZE _____ . .

NTACO BITWAYE IVYO U _____ . .

**NIWABA UDASHIRA MU NGIRO _____ . IVYAGEZWE UBWO RERO
URAGIRWA N' _____ RW/W'IVYAGEZWE.**

**Yakobo 2:10 Kuk'umuntu wese azokwitondera ivyagezwe vyose , agatsitara
kuri kimwe, azoba acumuye kuri vyose.**

**UGUKUNDWAKAZWA SI _____ . UGUKUNDWAKAZWA NI
_____ . KUBW'UBUNTU**

**26 Non'utakebge niyitondera ibibgirijwe n'ivyagezwe, mbega kudakebga
kwiwe ntikuzomuharurwako nko gukebga?**

**27 Kand'utakebge umubiri niyitondera ivyagezwe , azogutsindisha , wewe
ucumura ku vyagezwe , ufise inyuguti zavyo no gukebga.**

IKIMENYETSO GISHASHA C'ISEZERANO SI _____ .

IKIMENYETSO C' _____ . . NI _____ .

UGUKEBGA KWO _____ . .

**Ab'I Kolosayi 2:11-12 Kandi muri we mwakebge ugukebga kutar'ukw'intoke ,
hamwe mwiambura akameremere k'umubiri , ni kwo gukebga kwo muri
Kristo;**

[Kuko mwahambanywe nawe mw'ibatizwa , ni ho kandi mwazuranywe na we, kubgo kwizera ubushobozi bg'Imana yamuzuye mu bapfuye.]

28 Kuk'Umuyuda wo ku rukoba atari we Muyuda ; kand'ugukebga kwo ku rukoba kwo ku mubiri atari kwo gukebga.

29 Arik'Umuyuda wo mu mutima ni we Muyuda , kandi gukebga n'ukw'umutima, n'ukwo mu buryo bg'impwemu , atar'ukwo mu buryo bg'inyuguti : umeze artyo ntashimwa n'abantu , arikw'ashimwa n'Imana.

UGUKUNDWAKAZWA SI _____. NI _____ - _____ MU KURI

1 Petero 4:16 Ariko ni hagira uhorwa kuba Umukristo, yoye kumaramara, arikw'aheshe Imana icubahiro kubg'iryo zina.

ABAROMA 05

KAZE KU RUHANDE

RW'UMWIZA

**BIBILIYA YIGISHA KO UMUNTU WESE AVUKANA _____ KANDI KO
UBUZIMA BWIWE BUGANJWE N'ICHAHA**

“Mbega vyifashe gute ku Bayuda?”

Abaroma 3: 1 None Umuyuda aruta abandi Canke gukebga kumara iki?

**Abaroma 3:2 Arabibarusha vyose. Ica mbere, n'ukw'Abayuda babikijwe IVYAVUZWE
N'IMANA.**

**MBEGA VYIFASHE GUTE KU CEREKEYE _____ IMANA YAHAYE
ABURAHAMU?**

**Abaroma 3 :3 Tuvuge iki ? Naho bamwe batizeye , mbega kutizera kwabo
kuzohindura ubusa ivy'Imana yizigiweko?**

MBEGA IVYO _____ ISEZERANO RYAYO ?

**Abaroma 3:4 Biragahera: arikw'Imana iboneke kw'ar'inyakuri , n'iy'umuntu wese
yoba ar'umubeshi : nk'uko handitswe,**

**“NGO KUGIRA NGO MU MAJAMBO Yawe UBONEKE K'UGOROROTSE,
KAND'UTSINDE NIWASHIKA MU RUKINJA.”**

UMWANA W'ABURAHAMU SI UMUNTU AFISE _____ RYA/CA ABURAHAMU

**UMWANA W'UKURI WA ABURAHAMU NI UMUNTU AFISE _____ RYA
ABURAHAMU**

Abaroma 2 : 29 «Arik'Umuyuda wo MU MUTIMA ni we Muyuda.... »

**Ray Stedman ati, “ikintu kimwe conyene kigira umuntu Umuyuda ni ukwizera
Mesiya.”**

**Ab'I Galatiya 3:7 Mumenye rero yukw'ABISHIMIYE UKWIZERA ari bo BANA BA
ABURAHAMU . Uko bisomwa muri Bibiliya yitwa NASV**

**N'UKO RERO ISEZERANO RY'IMANA KU “BANA BA ABURAHAMU ” RIRACARI MU
_____. N'UKO GUSA ABANA BA ABURAHAMU _____ ABO
BIYUMVIRA KO BATEGEREZWA KUBA**

Ab'I Galatiya 3 : 29 KO MUR'ABA KRISTO , MUR'URUVYARO RWA ABURAHAMU , mur'abaragwa nk'uko vyasezeranywe.

Nuko ibibazo vy'Abayuda bimaze kwishurwa, Paulo arafise ikindi kibazo ariko vy'ukuri atari ikibazo.

NIMBA _____ KWANJE KWEREKANA UKWERA KW'IMANA MBEGA NONE ICO SI IKINTU CIZA?

KANDI NIMBA ARI _____. IKINTU CIZA NI KUKI NONE NCIRIBWA URUBANZA KUBW'IVYO ?

Abaroma 3 : 5 Ariko namb'ukugabitanya kwacu kwashimagije ukugororoka kw'Imana , tuvuge iki ? Mbeg'Imana iragabitanya , kukw'iduhanisha uburake bgayo ?(mbivuze nk'imvugo y'abantu.)

Abaroma 3 :6 Eka namba ! Iyo biba biryo , Imana yociriye abari mw'isi urubanza ite?

Abaroma 3:7 Ariko namb'ibinyoma vyanje vyatumye ukuri kw'Imana kurushiriza kwerekanwa , bikayitera icubahiro, n'iki gituma nanje ncirwa urubanza nk'umunyavyaha?

Abaroma 3:8 Kandi n'iki kitubuza gukora ibibi kugira ngw'ivyiza bibeho? (nk'uko batubeshera , kandi bamwe bavuga ko twigisha). Abakora bartyo bazocirwa urubanza bakwiranye.

NTA _____. HAGATI Y'ABAYUDA N'ABANYAMAHANGA KU BIJANYE N'UGUCIRWA URUBANZA KUBERA KO ATA _____. HAGATI Y'ABAYUDA N'ABANYAMAHANGA KU KIJANYE N' ICAHA.

Abaroma 3:9 N'uko tuvuge iki? Mbega turuta abandi ? Oya , ntitubaruta na gatoya , kuko tumaze kwagiriza Abayuda n'Abagiriki bose ko baganzwa n'icaha.

IKI CIZERWA CO _____. GITEGEREZA KUBA ARI ICIZERWA GIHAMBAYE MURI KINO GIHA CACU.

Zaburi 58 : 3 Abanyakibi batandukanywa n'Imana uhereye ku kuva mu nda za ba nyina : Iyo bavutse baca bizimagiza, bakabesha.

Zaburi 51 :5 Raba, nabumbanywe ukugabitanya , Mu vyaha ni ho mama yamvyariye.

Abaroma 7:14 Kuko tuzi yukw'ivyagezwe ar'ivy'impwemu; ariko jewe nganzwa n'akameremere kanje naguriwe kuba umugurano w'icaha.

IVYO VYOSE VYARAHINDUTSE KUBW'_____.

IGUGU RY'ABANTU B'INCABGENGE RIVUGA KO UMUNTU AHANINI ARI MWIZA KANDI KO _____ . _____ . BIMUJANA MU BUNYAKIBI

IKI NI IKINYOMA ISI YACU YIZEYE.

Barihenda. Abantu si beza mu buryo karemano. IHWEZE ABAROMA 3 : 10 – 18

Uko ugenda urasoma kino gice, genda urakuramwo akajambo NTA N'UMWE hamwe na BOSE.

Abaroma 3 : 10 nk'uko handitswe,

Ngo "NTA WUgororoka , NTA N'UMWE ,

Abaroma 3:11 NTA WUtahura , NTA WUrondera Imana

Abaroma 3: 12 Barazimiye iyo bava bakagera , BOSE bacitse imburakimazi, NTA WUkora ivyiza, eka NTA N'UMWE." (Zaburi 51)

Abaroma 3:13 Imihogo yabo ni imva zirangaye. (Zaburi 5 :9) Bahendahendanishije indimi zabo ; Ubumara bg'inzoka buri mu binyigishi vyabo. (Zaburi 140 : 3)

Abaroma 3 :14 Akanwa kabo kuzuye ukuvuma no kujingitwa (Zaburi 10 :7)

Abaroma 3 :15 Ibirenge vyabo vyihutira kuvisha amaraso. (Yesaya 59 :7)

Abaroma 3 : 16 Guhonnya no kubabaza biri mu nzira zabo

Abaroma 3:17 Inzira y'amahoro ntibayimenye"

Vy'ukuri , ABANTU barashobora gukora ivyiza , ariko bashoboye gose gukora gukora ikibi/ibibi.

NG'AHAAHO ICO CIYUMVIRO GIKOMOKA

Abaroma 3 :18 "Nta gutinya Imana kuri mu maso yabo"

NIMBA NTIZERA IMANA SINIZERA KW'IKIBI KIBAHO.

NIMBA NTIZERA KW'IKIBI KIBAHO KUBW'IVYO UMUNTU NI MWIZA MU KAMERE KIWE.

NIMBA UMUNTU ARI MWIZA MU KAMERE KIWE NONE NI KUKI ABANTU BAKORA IBINTU BIBI?

HARI _____ . CAMUKUYE MU NZIRA YIWE YA KAMERE
IMUGANISHA KU CIZA

PAULO AVUGA KO "INGORANE ATARI _____ . . INGORANE ARI
_____ . ! _____ . ARIZO/-VYO/-CO NGORANE

Abaroma 3 :19 Ariko turazi ko ivy'ivyagezwe bivuga vyose bibigira abaganzwa na vyo, kugira ngw'akanwa kose kazibge , kand'abari mw'isi bose babe abo gutsindwa n'urubanza imbere y'Imana:

Abaroma 3: 20 kukw'imbere yayo ata muntu azotsindanishirizwa n'ibikorwa bibgiriye n'ivyagezwe , kukw'ivyagezwe ari vyo bimenyekanisha icaha.

IVYAGEZWE NTIBISHOBORA _____ . JEWE. BISHOBORA
GUSA _____ . JEWE UKUNGENE NKENEYE KU RUGERO RWO HEJURU
GUCUNGURWA.

N'uko rero mbega ivyo bisigura iki kuri wewe muri kano kanya? Nize ibintu bitatu.

I. BIHINDUYE INGENE MBONA ABANDI _____ .

Nimba ata n'umwe agorotse kandi ivyo bigashikira n'ubuntu bw'umuntu, none ni kuki ntsitazwa gose n'ivyaha vy'abantu?

Inyifato y'abo si iyitamenyerewe. Ni kamere kononekaye gakora ivy'akamere kononekaye gakora.

II. BIRAHINDUYE INGENE MBONA _____ .

Sinzigera nshobora gutunganya kano kajagari. Sinshoboye gutunganya ivyo nononye. Nico gituma nkeneye ubuntu.

III. BIRAHINDUYE INGENE MBONA _____ .

BIHISHUYE UBUKUNDO RWIWE RUHEBUJE

YESU NTIYAPFUYE KUBW' _____ . ABANTU. NTA
" _____ . ABANTU."

Yesu yapfiriye abantu. Abantu bose.

YAPFIRIYE ABO BA _____ . IZINA RY'IMANA.

YAPFIRIYE ABO BA _____ . IVYIYUMVIRO VY'IMANA

Abaroma 5:10 Ko twujujwe n'Imana n'urupfu rw'Umwana wayo, tukiri abansi bayo, none tumaze kwuzura nay o , ubugingo bgiwe buzorushiriza kudukiza.

VYEREKANYE UBWIZA BWIWE BUHEBUJE BW' _____ .

Abona ubushobozi mu bihe ivyo ari vyo vyose vy'ubuzima. ARABUBONA NO MURI WEWE.

ABAROMA 06

Woshobora Gukoresha Ubutumwa Bwiza?

IJAMBO “UBUTUMWA BWIZA” RISIGURA, “INKURU NZIZA.”

ARIKO HARI INKURU _____ MU _____ NKURU.

Inkuru mbi n’uko Imana izo _____ icaha.

Inkuru mbi n’uko ari _____ mu guca urubanza

Inkuru mbi n’uko ata _____.

Inkuru mbi n’uko twese twacumuye kandi ko kubw’ivyo turi abatsindwa n’urubanza.

Ariko mu mperuka icitabirizo kirahinduka kuko hari inkuru nziza mu Baroma 3 :21 .

Abaroma 3 :21 Ariko noneho Ivyagezwe bitariho , ukugororoka kuva ku Mana kurahishuwe, gushingirwa intahe n’ivyagezwe n’ivy’abavugishwa n’Imana,

I. **NGIYI INKURU NZIZA : URAFISE UBURENGANZIRA BWO _____**

Abaroma 3 :22 n’ukugororoka kuva ku Mana , kuzanwa no kwizera Yesu Kristo , kugira NGW’ABIZEYE BOSE baguhabge . KUKW’ATA TANDUKANIRO ;

UBU RERO ARABIFATANIJE VYOSE

Abaroma 3 :23 ...bose bakoze ivyaha ntibashikira ubgiza bg’Imana,

IJAMBO RY’UKURI KUGIRA USIGURA ICAHA WOGIRA UTI, « GUHUSHA ICO ICO WARI UTUMBEREJEKO »

II. **NGIYI IYINDI NKURU NZIZA : SI AHawe KU/GU _____**

Abaroma 3 :24 batsindanishirizwa n’ubuntu bgayo, ibibahereye ubusa , kubgo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu.

_____ BISIGURA « KUBA _____ UMUGOROROTSI »

ABAROMA 3 :10 NK’UKO HANDITSWE NGO NTAWUGOROROKA, NTA N’UMWE...

Abaroma 1 :18 uburake bw’Imana bwarahishuwe, buvuye mw’ijuru, ubwo irakira ukutayubaha kwabantu kwose....

Ab'i Filipi 3 : 9 kandi mboneke ko ndi muri we , ntafise ukwanje kugororoka , kumwe kuva mu vyagezwe, ariko mfise kumwe kuzanwa no kwizera Kristo , ni kwo KUGOROROKA KUVA KU MANA, GUHABGA UWIZEYE ,

UKUGOROROKA KWACU SI _____ ; UKUGOROROKA KWACU NI _____

MBEGA IBI VYABAYE GUTE ?

ICAHA CARI CATWIVYE KANDI KIRATUBOHA _____. KRISTO ACA ARIHA IKIGUZI C'UBUZIMA BWIWE.

1 Petero 1 : 18 - 19 (UKoresheje Bibiliya yitwa NET)

Muzi y'ukw'ivyo MWACUNGUJWE ngo muve mu ngeso zanyu z'imburakimazi mwatojwe na ba sogokuruza atar'ibishira , nk'ifeza cank'izahabu,

1:19 ariko mwacungujwe amaraso y'igiciro kinini nk'ay'umwagazi w'intama utagira agasembga cank'ibara , ni yo ya Kristo.

III. NGIYI IYINDI NKURU NZIZA UBUGIRA KANDI: ARAGUFISE/ARABAFISE _____

Abaroma 3: 25 Uwo Imana yashizeho kuba impangano y'uwizera , ayigirwa n'amaraso yiwe ,

NIBAZA KO UBUURYO BWIZA BWO GUTAHURA UKUGENE _____ BUKOMOKA MU BIMENYETSO VYO MW'ISEZERANO RYA KERA.

Ijambo ryokoresha mu kibanza c'ijambo _____ (hilastarion) ryo mu Baroma 3:25 NI COKIMWE N'IRYAKORESHEJWE MU GUSOBANURA _____ MU BAHEBURAYO 9:5

ICIYUMVIRO AHANINI S'UKUNEZEREZA I/U _____ BW'IMANA. NI UKWOZWA.

ICIYUMVIRO AHANINI NI UGUTWIKIRA _____

Kuvayo 25:17 uzucure n'UMUTEMERE WO GUHONGERAKO mw'izahabu iramuye; uburebure bgawo bg'umurambararo buze bube amatambge abiri

n'igihimba y'ukuboko uciriye mu nkokora , ubgaguke bgawo bube itambge rimwe
n'igihimba

18 kand'uz'ukore abakerubi babiri mw'izahabu , mu mitwe yompi y'uwo
MUTEMERE WO GUHONGERAKO , ubakoze mu buryo bgo gucura.

WIYUMVIRE KU GUKOresha IBIMENYETSO KUKO NI VYO BIDUFASHA
GUTAHURA IBI.

RIMWE KU MUNSI U _____ YATOWE N'UBUPFINDO YARINJIRA MU
KIBAZA C' _____.

RIMWE MU MWAKA UMUHEREZI _____ YARASHOBORA
KWINJIRA AHERA H' _____.

Abalewi 16: 14 Kandi yabira ku maraso ya ya masa, ayacucagize urutoke kur'uwo
MUTEMERE WO GUHONGERAKO ku ruhande rw'I burasirazuba ,
atekw'ayacucagize urutoke nyene imbere Y'IYO NTEBE ibihetangabo ndwi. .

Umudemere wo guhongerako ushobora kuba wari wuzuye ibitonyanga vy'amaraso
yumye vyirabura.

UMUTEMERE WO GUHONGERAKO WUZUYE _____

UFUTSE I _____.

Abaroma 3:25 ubugira kandi

“Uwo Imana yashizeho kuba impongano y'uwizera , ayigirwa n'amaraso yiwe,
kugira ngw'Imana yerekane ukugororoka kwayo , kuko YIRENGAGIJE IVYAHA
vyakozwe kera kubg'Imbabazi zayo; “

**IV. NGIYI INKURU IRUTA IZINDI : _____ NI CO CONYENE
UKENEYE/MUKENEYE**

Abaroma 3:26 no kugira ngo yerekane ukugororoka kwayo kwayo muri mur'iki
gihe , ngw'ibe Igororoka n'Itsindanishiriza uwizeye Yesu.

Abaroma 3:27 None rer'ukwihaya kuri hehe? Kwarabujijwe. Kwabujijwe
n'ivyagezwe ki? Mbega n'ivy'ibikorwa? Haba na mba: kwabujijwe
N'IVY'UKWIZERA.

Abaroma 3:28 Ni co gituma twiyumvira y'uk'umuntu atsindanishirizwa n'ukwizera, ibikorwa bibgirijwe n'ivyagezwe bitarinze kwiyumvirwa.

IBI RERO VYUGURURIRA UBUTUMWA BGIZA ISI YOSE

Abaroma 3:29 Cank'Imana n'iy'Abayuda bonyene? Mbega s'iy'abanyamahanga nabo? Ego me , n'iy'abanyamahanga na bo,

Abaroma 3: 30 kukw'Imana ar'imwe, izotsindanishiriza abakebge kubg'ukwizera , kand'izotsindanishiriza abatakebge babiheshwa n'ukwizera.

Abaroma 3:31 Mbega non'ivyagezwe tubihinduzwa ubusa ukwizera? Eka na mba : ushime turabigumisha.

ABAROMA 7

IKINTU GITANGAJE KU BUNTU

Abaroma 4 : 1 – 8

I. IKINTU GITANGAJE KU BUNTU N'UKO ARI KUBWO _____

Abaroma 4 :1 None rero , ico twovuga ko Aburahamu sogokuruza ku mubiri yaronse n'igiki ?

Ijambo « _____ » rirahambaye . Risigura , « Uwagizwe _____ . »

Muri Kristo ntituri gusa « _____ku Mana, » ariko duhinduka « _____nk'Imana.”

Abaroma 4 :2 Iyo Aburahamu atsindanishirizwan'ibikorwa , aba afise ico yihaya . Ariko imbere y'Imana nta co afise.

Abaroma 4:3 Ivyanditswe bivuga ko iki? Bivuga ngo ABURAHAMU _____ IMANA, IBIMUHARURAKO NK'UKUGOROROKA”

Ijambo risobanuwe ngo “ _____” ni ijambo rikorehswa mu mvugo y'amabanki , rivuga ngo “Logizomai.” Bisigura ngo **KU** _____

IMANA YAZIGANYIJE MW'KONTI YAYO Y'IVY'IMPWEMU IBINTU

VYOSE _____ ITAZIGERA IKENERA GUKORA
VYOSE _____ ITAZIGERA IKORA

HARIHO _____ IVYIYUMVIRO KUBIJANYE N'UKUGOROROKA MURI BIBILIYA

ICIYUMVIRO KIMWE KUVYEREKEYE UKUGOROROKA KIJANYE NA _____ canke IGIHAGARARO.

IKINDI CIYUMVIRO KU KIJANYE N'UKUGOROROKA CEREKEYE _____ canke INYIFATO

IYO TWIZEYE YESU AHINDURA IKIBANZA CACU. IBI TUVYITA “ _____” UKUGOROROKA.

TUVYITA UKUGOROROKA UHawe,UHARUWEKO _____.

**UKO DUKUR KRISTO AGENDA ARAHINDURA INYIFATO YACU.
TUVYITA “ _____ ” UKUGOROROKA UGABIWE**

2 Ab'I Korinto 3:18 Tweho twese, ko tutitwikiriye mu maso, tukerekana nk'iciroro ubgiza bg'Umwami, turahinduka, tugashushanywa n'iyi shusho, tukava mu bgiza tukaja mu bundi, nk'abahindurwa n'Umwami, ari we Mpwemu.

UGUHARURWAKO UKUGOROROKA, UGUTSINDANISHIRIZWA, NI IGIKORWA C'IMANA _____ IGIHE/UMWANYA _____.

UGUHABWA UKUGOROROKA, UKWEZWA, NI I _____ -
_____ URUGENDO.

UGUHARURWAKO UKUGOROROKA, UGUTSINDANISHIRIZWA,
KUBA _____ AGAKIZA

UGUHABWA _____ UKUGOROROKA _____, UKWEZWA _____, KUZA
_____ AGAKIZA

UGUTSINDANISHIRIZWA NI _____ INYISHU KU _____.

**II. IKINTU GITANGAJE KU BUNTU N'UKO BUTAVANA N'UKUNTU
_____ WABAYEHO**

Abaroma 4:4 Yamar' ukora, ingero yiwe ntiharurwa NK'UBUNTU, arikw iharurwa NK'INYISHU.

Abaroma 4:5 Arik' udakora, akizera Itsindanishiriza abatayubashe, ukwizera kwiwe guharurwa nk'ukugororoka,

IMANA NTIRINDIRIYE WEWE KUGIRA NGO _____ UBUZIMA
BWAVE NG'UZE KURI YO. IGIRA ITI “INGO KURI JEWE MAZE NZOTYORORA
UBUZIMA BWAVE/BWANYU.”

III. IKINTU GITANGAJE KU BUNTU N'UKO BUDATANDUKANYA UKO _____ WARI UMEZE.

Abaroma 4:5 Arik' udakora, AKIZERA ITSINDANISHIRIZA ABATAYUBASHE, ukwizera kwiwe guharurwa nk'ukugororoka.

Wihweze iryo jambo "ABATAYUBAHA." Itsitso ry'iryo jambo ryakoreshwa kenshi mu guhimbaza kw'Abagiriki. Ryasigura , "Gusubirinyuma." Iciumviro car'ic'igitinyiro giteye ubwoba c'Imana.

Ariko hano dufise igihushane .

Mu gishingo "c'igitinyiro kizima c'Imana" iri risigurwa mu mvugo ifoboye, ngo " _____ c'Imana".

1 Ab'I Korinto 6:9 Ntimuzi yuko abagabitanya batazoragwa ubwami bw'Imana? Ntimuzimire; abashurashuzi, canke abasenga ibigirwamana, abasambanyi, abagabo basambana, abagabo basambana n'abandi bagabo

1 Ab'I Korinto 6 :9 ibisuma, abifuza, imborerwa, abatukana canke abasahura, ntibazoragwa ubwami bw'Imana.

Ariko ihweze igica kiba.

1 Ab'I Korinto 6 : 11 KANDI BAMWE MURI MWEBWE NI KO MWARI MURI; ariko mwaruhagiwe, ariko mwarejejwe, ariko mwatsindanishirijwe mw'izina ry'Umwami Yesu Kristo no muri Mpwemu w' Imana yacu.

Yemeje ko aba _____-_____ baba abagororotsi kubw'ukwizera

**U/ _____ BW'UMUBI ARUSHIRIJE BUHARIRWA COKIMWE
_____ N'UBW'ABANDI BOSE**

IV. IKINTU GITANGAJE KU BUNTU NI INGENE BUHINDURA IBINTU VYOSE¹

¹ (Pollock, Amazing grace, 25)

**Abaroma 4 :7 ati: <<HARAHIRIWE ABAHARIWE IBIGABITANYO VYABO,>>
KANDI IVYAHA VYABO BIGAHISHWA...**

IVYAHA VYAWA/VYANYU BI_____

Abaroma 4 :8 Harahiriwe umuntu Uhoraho atazoharurako icaha.

ABAROMA 08

UKWIZERA

KWONYENE

Abaroma 4:9 Mbega ubwo buhirwe buvugwa ku bahimbuwe igikoba c'ubugabo bonyene, canke ku batahimbuwe igikoba c'ubugabo na bo? Kuko tuvuga tuti: “ UKWIZERA KWAHARUWE KURI ABURAHAMU NK'UKUGOROROKA.”

MENYA KO AKARORERO KACU ARI ABURAHAMU. KUBERA IKI ABURAHAMU?

Vyose bigaruka kuri aburahamu

Abayuda bari “abana ba Aburahamu.”

Isezerano ryari isezerano rya Aburahamu.

UKWIZERA NI KWO KWANJE UBWA MBERE _____

Abaroma 4 : 10 Kwaharuwe ryari? Yari yarahimbuwe igikoba c'ubugabo, canke ntiyaribwagihimburwe? Ico gihe si uko yari amaze guhimburwa igikoba c'ubugabo ariko ntiyaribwagihimburwe.

Abaroma 4: 11 Kandi ahabwa ikimenyetso, ni kwo guhimburwa igikoba co ku mutwe w'igihimba c'irondoka, kuba ikimenyetso c'ukugororoka kwavuye kuri kwa kwizera yarafise atarahimburwa igikoba c'ubugabo, kugira ngo abe sekuruza w'abizera bose batahimbuwe igikoba c'ubugabo, ngo bibaharurweko ukugororoka;

Abaroma 4: 12 kandi abe na sekuruza w'abahimbuwe igikoba c'ubugabo, batahimbuwe igikoba c'ubugabo gusa, ariko bagera ikirenge mu c'ukwo kwizera kwa sogokuruza Aburahamu, ukwo yarafise, ATARAHIMBURWA IGIKOBWA CO KU MUTWE W'IGIHIMBA C'IRONDOKA.

MU YANDI MAJAMBO , UKWIWE _____, SI/SIKWO _____ KWARI INKOMOKO YONYENE MU GAKIZA KIWE.

UKWIZERA KWAJE IMBERE YA _____

Aburhamu yabayeho nk'imyaka 500 imbere y'uko Mose amanuka ava ku musozi Sinayi azanye ivyagezwe.

Abaroma 4 : 13 Kuko ATARI KUBWO IVYAGEZWE Aburhamu yasezeraniwe canke uruvyaro rwiwe, yuko azoragwa isi yose, ariko ni kubwo UKUGOROROKA KUVA KU KWIZERA.

Abaroma 4: 14 Abizigira ivyagezwe iyo baba ari bo baragwa, ukwizera kuba kwarahindutse ubusa, ivyasezeranywe bikaba bititutse.

Abaroma 4: 15 Kuko ivyagezwe bizana ishavu, ariko aho ivyagezwe bitari, nta gicumuro kiba kiriho.

Abaroma 4: 16 Ni co gituma abaragwa babihawe kubwo kwizera ngo bibe ivyo bahawe ku buntu kugira ngo ivyasezeraniwe uruvyaro rwa Aburhamu bibe ivya BOSE, bitari ivyo abaganzwa n'ivyagezwe gusa; ariko ngo bibe n'ivyabaganzwa n'ukwizera kwa Aburhamu, sogokuruza wacu twese.

Abaroma 4: 17 NAKUGIZE SEKURUZA W'AMAHANGA MENSHI. Imbere y'Imana yacu yizeye ari yo izura abapfuye ikita n'ibitariho nk'ibiriho; ni we Sogokuruza wacu twese.

Abaroma 4: 18 Aburhamu yizera yizigiye ibitokwizigiwe, ngo abe sekuruza w'amahanga menshi, nk'uko vyavuzwe, NGO URUVYARO RWAVE NI KO RUZONGANA.

Abaroma 4: 19 Kandi ntiyagabanukako ukwizera, yitegereje umubiri wiwe umaze kuba akaheze, kuko yari amaze imyaka nk'ijana y'amavuka yiwe, na Sara yari yaraciye.

ABURAHAMU YARI AFISE IMYAKA MIRONGO ICENDA N'ICENDA IGIHE IMANA YATERA IGIKUMU KW'ISEZERANO RYAYO RYO KUBA SEKURUZA W'AMAHANGA

Abaroma 4: 20 Ariko yiyumviriye ico Imana yamusezeraniye, ntiyakekeranishwa no kutizera, ariko aremeshwa cane no kwizera, ahesha Imana icubahiro,

Abaroma 4: 21 AMENYA NEZA ADAKEKERANYA YUKO ICO YASEZERANYE ISHOBOA NO KUGIKORA.

ABURAHAMU YARI U/I _____ MURI YESU?

MU BURYO BUGARAGARA HARI IKIRENZEKO KURI IKI KIYAGO HAGATI Y'IMANA NA ABURAHAMU KURUSHA IVYO DUFISE _____

Ab'i Galatiya 3:16 Nuko Aburhamu ni we yasezeraniwe amasezerano, bo n'uruvyaro rwiwe. Ntiyavuze iti: ""Imvyaro;"" nk'uwuvuga benshi; yamara yavuze nk'uwuvuga umwe iti: ""Ni uruvyaro rwawe;"" (Ukoresheje Bibiliya yitwa NIV)

URUVYARO RWASEZERANYWE NTIRWARI GUSA I/U _____ . RWARI _____ ISEZERANO.

Muri Yohana igice ca 8 Yesu yari muri iki kiyago gihambaye be n'Abayuda.

Yohana 8:53 Mbega uruta sogokuruza wacu Aburhamu? We ko yapfuye, n'abavugishwa ni Imana na bo bakaba barapfuye, wiyita nde?"

Yohana 8:54 Yesu arabishura ati: <<Ni naba niha icubahiro, icubahiro canje kizoba ari ico ubusa; uwumpa icubahiro ni Data, uwo muvuga ngo n'Imana yanyu,

Yohana 8:55 yamara ntimumuzi, ariko jewe ndamuzi. Kandi ni navuga ngo sindamuzi, nzoba mbye umunyabinyoma nkamwe; ariko ndamuzi, kandi nitondera ijambo ryiwe.>>

Yohana 8:56 Aburhamu sogokuruza wanyu yari yarahahamiye kubona umusi wanjye, kandi yarawubonye, aranezerwa.>>

"Aburhamu yarabonye uyo munsu kandi aranezerwa..." Mu minsi y'ubuzima bwa Aburhamu , yarabonye ukuza _____ . Imana yarabimuhishuriye.

Abaroma 4:22 Ni co catumye BIMUHARURWAKO NK'UKUGOROROKA.

- I. _____ NI VYOSE UKENEYE.
KUBERA IKI VYARI IBIHAMBAYE KURI MPWEMU YEAR
GU _____ IVYO KUBWACU?

Abaroma 4: 23 Ariko ntivyandikiwe we wenyene yuko vyamuharuweko nk'ukugororoka,

Abaroma 4: 24 ARIKO NO KUBWACU, bizoduharurwako nka kwo, kuko twizeye lyazuye Yesu Umwami wacu imukuye mu bapfuye,

KIRI HANO KUBERA KO IMANA IZI _____ VYACU/ZACU

Twiyumvira tuti, "Vy'ukuri birakenewe ko ngira ico nkoze."

NI NK' AHO WOMENGO IKI KINTU C'UBUNTU ARI

_____ KUBA _____ -

Abaroma 4:25 yatangiwe ibigabitanyo vyacu, akazurwa kugira ngo tugirwe abera.

II. SUZUMA NEZA KO UKWIZERA KWawe ARI

_____ UKWIZERA KW'UKURI IMINSI YOSE KUVYARA
BIMWE BIMWE _____.

Yakobo 2:21 Aburahamu sogokuruza, mbega ntiyahinduwe umwere n'ibikorwa, hamwe yari atanze umwana wiwe Isaka ko ishikanwa amutanze ku gicaniro?

Yakobo 2: 22 Ntubona yuko ukwizera kwafatanije n'ibikorwa vyiwe, kandi ko ukwizera kwahinguwe rwose n'ibikorwa?

Yakobo 2: 23 Kandi icanditswe kirashika, kivuga ngo ABURAHAMU YIZEYE IMANA, IBIMUHARURAKO NK'UKUGOROROKA; kandi yitwa umukunzi w' Imana.

Yakobo 2: 24 Murabona yuko ibikorwa ari vyo bihindura umuntu intungane, atari ukwizera kwonyene.

BANGIRA GATOYI. MBEGA IBI TUBINYANISHA GUTE?

Paul yariko arabaza, "MBEGA NI IGIKI NTEGEREZWA GUKORA KUGIRA
_____?"

Yakobo yariko arabaza , "MBEGA BISIGURA IKI KU _____?"

KWIZERA SI _____ MU MUTWE IWAVE

UKWIZERA NI _____ HAMWE N'UBUZIMA BWAVE/BWANYU

ABAROMA 09

INYUNGU ZIGARAGARA ZO KUMENYA IMANA

I. UKUMENYA IMANA KUZANA _____

Abaroma 5:1 None rero, ko twagizwe abera n'ukwizera, dufise amahoro ku Mana ku bwo Umwami wacu Yesu Kristo,

KUMENYA YESU BIZANA/BITANGA AMAHORO.

KUMBURE IYI IKI NI CO GITUMA YESU YAVUZE ATI,

Amahoro ndayabasigaranye, amahoro yanje ndayabagabiye. Jehu sindayabagabira nk'uko abo isi bagaba. Imitima yanyu ntihagarare, kandi ntitinye. Yohana 14:27 (ukoresheje Bibiliya Yitwa NIV)

II. AMAHORO ATANGA _____

2 yadushikanishije ukwizera muri ubu buntu duhagazemwo, kandi TUNEZEREZWA no kwizigira kuzobona ubwiza bw' Imana.

IJAMBO KUNEZEREZWA RIGARUKA INCURO ZITATU MURI IYI MIRONGO 11 YAMBERE. INCURO YOSE YEREKANA IKINDI KINTU GITANDUKANYE C'UMUTEKANO/C'UGUTEKANIRWA.

UMUNEZERO WIYEREKANA MU BURYO BUTATU

UMUNEZERO MU _____

2 yadushikanishije ukwizera muri ubu buntu duhagazemwo, kandi TUNEZEREZWA NO KWIZIGIRA KUZOBONA UBWIZA BW' IMANA.

UMUNEZERO MU _____

3 Kandi si vyo vyonyene, ariko kandi tunezererwe n'amarushwa yacu, kuko tuzi yuko amarushwa atera ukwihangana;

4 kandi ukwihangana kugatera kudatsindwa no kugeragezwa; kudatsindwa no kugeragezwa kugatera kwizigira ibitaraba.

5 Ukwo kwizigira ntigutetereza, kuko urukundo rw'Imana rwasutswe hose mu mitima yacu na Mpwemu Yera twahawe.

UMUNEZERO MU _____

6 Tugifise intege nke, mu gihe gikwiye Kristo yapfiriye abatubaha Imana. 7 Ko ari ibigoye k'umuntu apfira umugororotsi, umunyangeso nziza kumbure umuntu yotinyuka kumupfira. 8 Ariko Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha. 9 Nuko none tumaze guhindurwa intungane n'amaraso yiwe, tuzorushiriza guheshwa na we gukizwa ishavu ry' Imana.

10 Ko twujjwe n'Imana n'urupfu rw'Umwana wayo, tukiri abansi bayo, none tumaze kwuzura na yo, ubugingo bwiwe buzorushiriza kudukiza.

IGIHE RERO IMPERA N'IMPERUKA UTAHUYE IBI, BIZOHINDURA UBUZIMA BWawe.

KANDI MURI ICO GIHE, U/MU _____

11 Kandi si vyo vyonyene, ariko ikindi, TUNEZERERWA Imana ku bwo Umwami wacu Yesu Kristo, yaduhesheje kwuzura na yo.

Luka 7:47 Iki ni co gitumye ndakubwira yuko ahariwe vya vyaha vyawe vyinshi; kuko yagize urukundo rwinshi; ariko uhariwe bike agira urukundo ruke.

ABAROMA 10

ICAHA BE N'UBUNTU IGICE CA

1.

Abaroma 5 : 12 None rero ko bimeze bityo, nk'uko icaha cazanywe mw'isi n'umuntu umwe, urupfu rukazanwa n'icaha, ni ko urupfu rushika ku bantu bose, kuko bose bakoze ivyaha.

WIHWEZE IMVUGO Y'IRWARA ?

Adamu yari UMURWAYE WA MBERE.

Icaha cinjiye mw'isi hamwe n'urupfu ruciye mu caha...n'uko rero urupfu rutandukira abantu bose...

I. ICAHA NI I/U _____

MBEGA AVUGA KO TWATORANYE UGUTSINDWA/UKWAGIRWA KWA ADAMU?

Raba ivyo avuga. Ibi birahambaye cane: "KUKO BOSE BAKOZE IVYAHA."

Urupfu ntirwarandagase kubera ko bano bantu bariko bapfa kubera _____ indwara.

Bapfuye kubera ba _____ ya ndwara nyene kandi igihe bandura nya ndwara nyene, bafashwe _____ bisa.

NTIDUTORANA I _____ BWA/VY'ABAVYEYI BACU. DUTORANA I _____ KU CAHA

Kuvayo 20 :5 "ntuz' uvyikubite imbere, ntuz' ubisabe, kuko JEWE UHORAHO IMANA yawe ND'IMANA IFUHA, MPORA ABANA IBIGABITANYO VYA BA SE, NKAGEZA KU RUNGANWE RUGIRA GATATU NO KU RUGIRA KANE RW'ABANYANKA,"

1. MUHAKWA/UHAKWA GUCUMURA MURI BWA BURYO NYENE _____ ABAVYEYI BANYU/BAWE BACUMURAMWO.

2. UBANA N'I _____ Z'IVYAHA VYABO
NI _____ ARIKO SI _____.

MBEGA VYIFASHE GUTE KW'IZABURI YA 51?

Zaburi 51 :5 Raba, nabumbanywe ukugabitanya,
Mu vyaha ni ho mama yamvyariye.

Dawidi ntiyariko atanga insiguro ndoramana ku caha c'inyanduruko.
Dawidi yariko yatura icaha ciwe c'ubusambanyi kandi ahanini yariko avuga
ati , "Kino camwa nticaguye kure yanje kiva ku giti. " Ibi nabikoze kubera ko
mama yabikoze.

**ABAROMA 5 :12 NTUSIGURA KO TWAVUKANYE
U _____ W'I/RW'IVYAHA VY'ABAVYEYI BACU.**

Yeremiya 31 : 29 Mur' iyo misi ntibazoba bakivuga, ngo Ba se barya
inzabibu z'ibitumbge, amenyo y'abana akajiginyurwa.

30 Arik' umuntu wese azopfa azize ivyiwe bigabitanyo nyene: uriye
inzabibu z'ibitumbge, ayiwe menyo nyene ni yo azojiginyurwa.

Ezekiyeri 18: 1 Ijambo ry'UHORAHU ryongera kunzako,

2 riti N'iki gituma mucira uyu mugani mu gihugu c'i Bgisirayeli, ngo Ba se
barya inzabibu z'ibitumbge, amenyo y'abana akajiginyurwa?

3 Ndahiye ukubaho kwanje, ni k'Umwami UHORAHU agize,
ntimuzokwongera kuronka inyanduruko yo guca uwo mugani mu Bisirayeli.

4 Eh' abantu bose n'abanje; nk'uk' umwana ar' uwanje, ni ko na se ar'
uwanje: umuntu akora icaha ni we azopfa.

Abaroma 5: 13 Ivyagezwe bitarabaho, icaha cari mw'isi, ariko abantu
ntibaharurwako icaha, ivyagezwe bitariho.

14 Ariko uhereye kuri Adamu, ukageza kuri Mose, urupfu rwaganza
n'abatakoze icaha gisa n'igicumuro ca Adamu, yari igishushanyo c'uwagira
azoze.

II. UBUNTU NI _____

ABAROMA 11

ICAHA BE N'UBUNTU IGICE CA

2. _____

Abaroma 5:1 None rero, ko twagizwe abera n'UKWIZERA, dufise amahoro ku Mana ku bwo Umwami wacu Yesu Kristo,

Nimba agakiza kaboneka kubw'ubuntu biciye mu kwizera, ubwo rero _____ watumye ukizwa maze bituma _____ utuma ubura ubugingo budashira

2 timoteyo 4:8 ibisigaye mbikiwe igitsibo c'ukugororoka ico umwami wacu, umucamanza agororotse, azompa kuri wa musu kandi si jewe jenyene nzogihabwa ariko kandi n'abakunze kuzoseruka kwiwe bose bazogihabwa.

1yahana 5: 13 ivyo ndabibandikiye, mwebwe mwizeye izina ry'umwana w' imana, kugira ngo mumenye yuko mufise ubugingo budashira.

Bimeze gute ivya wa muhungu yemeza ko azi Kristo ariko _____ hari ikimenyetso na kimwe c'uguhinduka ?

Luka 14: 28” ntiyobanza kwicara, akarimbura igitigiri c'amahera yowubaka

Luka 9:23 “ Umuntu ni yagomba kunkurikira, ni yianke, yikorere umusaraba wiwe uko bukeye, ankurikire.”

Luka 9:62 “ Nta muntu afashe isuka irimishwa n'inka, araba inyuma, abereye ubwami bw'Imana.”

UKWIZERA NI _____ KANDI KUZOBA _____ UBUZIMA BWAVE.”

“NIMBA UKIJIJWE, NI KUBW’IBIHE VYOSE.”

Nimba umuntu yarabayeho igihe nyaco co gukizwa, ico gihe yabayemwo kizohindura ubuzima bwiwe.

ABAROMA 5:12 NI ICEMEZO KO ARI IVYAGENEWE BOSE _____ KANDI KO _____

ABAROMA 5 :13 – 14 YEREKEYE URUGERO RW’UKUBA VYAGENEWE BOSE KW’ _____

Abaroma 5:14 Ariko uherye kuri Adamu, ukageza kuri Mose, urupfu rwaganza n'abatakoze icaha gisa n'igicumuro ca Adamu, yari igishushanyo c'uwagira azoze.

Abaroma 2:11 -12 kuko Imana itarobanura abantu ku cubahiro. 12 Abakoze ivyaha bese, batazi ivyagezwe, bazohona ivyagezwe bitarinze kwiyumvirwa; kandi abakoze ivyaha bese bazi ivyagezwe bazotsindishwa n'ivyagezwe.

NTA NA KIMWE MUR’IVYO ARI I _____ CIYUMVIRO CIWE.

ICIYUMVIRO N’UKO MU GIHE ICAHA, URUPFU HAMWE N’UGUCIRIBWA URUBANZA ARI I/U _____. UBUNTU NI I/U _____!

I. IHWEZWE I/U _____ HAGATI Y’ICAHHA N’UBUNTU _____ CAZANYWE N’UMUNTU UMWE.

Abaroma 5:15 Ko igicumuro c'umwe catumye abenshi bapfa,

_____BWAZANYWE N'UMUNTU UMWE

... ubuntu bw'Imana n'ingabire y'ubuntu bw'umuntu umwe Yesu Kristo vyarushirije gusaguka kuri benshi.

II. IHWEZE I _____HAGATI Y'ICAHA N'UBUNTU

Abaroma 5:15 Ariko ingabire y'Imana ntimera nka ca gicumuro.

ICAHA KIZANA _____ARIKO UBUNTU
BUZANA_____

...*Ko igicumuro c'umwe catumye abenshi bapfa*

IKI AHANINI SI URUPFU _____, ARIKO NI
URUPFU_____.

Hamwe twari tugipfuye twishwe n'ivyaha vyacu. Abanyefeso 2 :5

Ray Stedman ati, « Urupfu ni ukubura/uguhagarara kw'ubuzima. Urupfu n'umuyaga, irungu/ukuba wenyene, ubukene burengeje, akabonge, ukurambirwa hamwe n'ukutaruhuka. »

Yohana 10 :10 ...nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ziburonke busagutse.

ICAHA CAZANYE _____ . ARIKO UBUNTU
BWAZANYE_____

Abaroma 5 : 16 Kandi iyo ngabire ntiyaje nk'icazanywe n'igicumuro c'umuntu umwe; KUKO GUCIRWA URUBANZA KWAVUYE KU MUNTU UMWE, KUGATERA GUTSINDWA, ARIKO YA NGABIRE YAVUYE MU BICUMURO VYINSHI, IZANA GUHINDURWA INTUNGANE.

Abaroma 5 :17 Ko igicumuro c'umwe catumye urupfu rushirwa ku butware n'umwe, abakira ubuntu n'ingabire yo kugororoka bisesekaye bazorushiriza gushirwa ku butware mu bugingo n'umwe, Yesu Kristo.

Abaroma 5 :18 None rero nk'uko GUCIRWA URUBANZA KWAZANYWE n'igicumuro kimwe ku bantu bose, ngo batsindwe, ni ko ya ngabire yazanywe n'igikorwa kigororotse kimwe ku bantu bose, ngo BAHINDURWE ABERA baronke ubugingo.

Abaroma 5 :19 Kandi nk'uko kutumvira Imana kw'umuntu umwe kwatumye benshi bacika abanyavyaha, ni ko kuwumvira kw'umwe kuzotuma benshi bacika abagororotsi.

I/U/ _____ YAWE SI YO IKUDONDORA . IMANA IRA _____

1Yohana 3: 19 Ico ni co kizotumenyesha ko turi abo ukuri, kandi tuzoshitsa umutima mu nda imbere yayo, 20 mu vyo imitima yacu idutsindisha vyose, kuko Imana iruta imitima yacu, kandi izi vyose.

ICAHA NI _____ . ARIKO UBUNTU NI _____

Abaroma 5 :20 Ariko ivyagezwe vyaje na vyo, kugira ngo gucumura kugwire. Yamara, aho icaha cagwiriye ni ho ubuntu bw' Imana bwarushirije kugwira,

ABAROMA 12

UGUHINDURA BA SHOBUJA

Abaroma 6:12 –

23

Abaroma 5:20 havuga uko ndushiriza gucumura ni ko ubuntu burushiriza kwiyonera. Sinshobora gucumura ibirengeye ubuntu canke sinshobora kurengera ubuntu.

Ndi _____ kubw'ubuntu, _____ kubw'ubuntu,
kandi _____ kubw'ubuntu.

